



# Enfòmasyon Jeneral Konsènan Toude Pèmi

## Kisa k ap pase si mwen pèdi yon pèmi?

Si ou pèdi pèmi ou an oswa yo vòlè li, men kisa pou ou fè:

- deklare pèt oswa vòl la nan komisarya polis la epi pran yon fich ensidan lapolis;
- mete inite PPP a okouran epi n ap voye yon fòm pou pèmi ki pèdi/yo vòlè;
- Voye rapò ensidan lapolis la ak fòm pou pèmi ki pèdi/yo volè a bay:

Lost/Stolen Permit  
 NYC Department of Transportation (NYC DOT)  
 30-30 Thomson St. 2nd Floor  
 Long Island City, NY 11101-3045

Tanpri fè atansyon ak pèmi ou a. Pèmi sa yo gen anpil enpòtans epi pafwa yo konn volè yo. Se sèlman Depatman Transpò NYC (NYC DOT) ki bay ranplasman pèmi yo.

## Kijan mwen kapab fè pou yo anile yon konvokasyon ki pa te kòrèk?

Si ou resevwa yon konvokasyon avèk swa pèmi New York State oswa pèmi New York City ou, voye konvokasyon orijinal la oswa avi pou konvokasyon an ak nimewo pèmi ou nan adrès sa a.

The NYC Department of Finance  
 Advocacy Unit, 3rd Floor  
 66 John Street, NY, NY 10038

Epi tou, si ou resevwa yon konvokasyon pou pèmi New York State ou, epi ou te pake nan yon espas ki te make ak Senbòl Aksè Entènasyonal la, tanpri voye yon lèt bay Department of Finance pou bay detay sou egzakteman ki kote espas sa a ye.

## Kijan pou mwen fè pou mwen jwenn yon aplikasyon pèmi pou pakin andikap Vil la ak/oswa Eta a?

Ale sou sitwèb nou an ki se: [nyc.gov/pppinfo](http://nyc.gov/pppinfo), rele 311, oswa vini nan biwo nou an ki chita nan:

New Application Request  
 NYC Department of Transportation (NYC DOT)  
 Parking Permits and Customer Service  
 30-30 Thomson Avenue, 2nd Floor  
 Long Island City, NY 11101

Si w ap vini nan biwo nou, nou vle ou konnen antre bilding nan se nan bò lwès 30th Place, tou pre 47th Avenue.

Moun ki soud oswa gen pwoblèm pou tandè ki itilize TTY yo ka rele 212.504.4115 Ale sou sitwèb nou: [nyc.gov/dot](http://nyc.gov/dot)



# PÈMI PAKIN POU MOUN AK ANDIKAP (PPPD)

## Pèmi NY State Kontinvasyon...

### Ki kote mwen sipoze mete pèmi a?

Pandye pèmi an sou retwovizè anndan machin ou lè ou gare li. Ou fèt pou retire pèmi a lè machin ou ap deplase.

### Ki kote mwen ka pake avèk pèmi a?

Ak pèmi sa a chofè a kapab pake machin li nan espas aksesib piblik ki make ak Senbòl Aksè Entènasyonal la depi mèt pèmi a nan machin nan. Nan New York City, w pa jwenn tout espas sa yo kote ki pa nan lari a, tankou pakin pou sant komèsyal, bilding biwo/apatman, ak kanpis inivèsite.

### Ki lòt kote pèmi a valab?

Yo rekonèt pèmi sa a tout kote United States ak Canada pou pake nan tout espas yo make pou moun ak andikap yo.

### Ki kote pèmi sa a pa valab?

Pèmi sa a pa valab pou pakin nan lari okenn kote nan senk (5) Minisipalite New York City yo (gade seksyon anwo a sou Pèmi New York City la pou jwenn plis enfòmasyon).

### Konbyen tan pèmi mwen an valab?

Pèmi New York State la valab jiska dat ekspirasyon ki sou pèmi a, ki se jiska senk (5) ane apre dat yo bay li a.

### Kijan pou mwen re-aplike pou pèmi mwen an?

Pou re-aplike pou pèmi andikap NYS la, soumèt yon nouvo aplikasyon pou trete. Aplikasyon yo disponib sou sitwèb nou an nan [nyc.gov/pppinfo](http://nyc.gov/pppinfo) oswa sou sitwèb DMV a anba fòm MV.664.1 nan <https://dmv.ny.gov/forms>. Si ou pa gen yon òdinatè ou ka itilize, ou ka kontakte 311 pou yo voye fòm aplikasyon sou papye ap pou ou.



Vil ou. Bezwen ou yo. Nimewo ou.

Inite Pèmi Pakin pou Moun ak Andikap (Parking Permits for People with Disabilities, PPPD) NYC Department of Transportation la bay de (2) kalite pèmi pakin pou andikap pou moun ak andikap yo: pèmi NYC PPPD la (plaka) ak pèmi New York State la (etikèt pou pandye)

Si ou ta renmen jwenn vèsyon tradwi dokiman sa a, kontakte 311 oswa ale sou sitwèb nou an:

[nyc.gov/pppinfo](http://nyc.gov/pppinfo)



## Pèmi NYC PPPD

### Ki moun ki kalifye?

Si ou se yon rezidan oswa ou pa yon rezidan City a epi ou gen yon andikap pèmanan ki afekte mobilite ou anpil epi ou bezwen itilize yon machin prive pou transpò, ou kapab kalifye. Tanpri sonje moun ki pa chofè, tankou timoun ki gen andikap ki kalifye, kapab kalifye tou. Yo pa ka mete plak machin komèsyal, plak biznis k ap vann machin, oswa plak pou yon machin lokasyon sou yon pèmi sa a.

### Kijan pou mwen ranpli aplikasyon an?

Ou ka jwenn yon aplikasyon nan: [nyc.gov/pppdinfo](http://nyc.gov/pppdinfo). Tanpri, li epi swiv enstriksyon yo ak anpil atansyon lè w ap ranpli aplikasyon an. Fè doktè ou ranpli paj dosye medikal la epi mete dokiman prèv ki kore sityasyon medikal ou. Voye sa ki nan aplikasyon ou a ak yon kopi lisans chofè ou, ID ki pa chofè, oswa kat New York City Municipal ID (IDNYC) ou ak kopi anrejistreman machin nan bay:

New Application Request-City Permit  
 NYC Department of Transportation (NYC DOT)  
 Parking Permits and Customer Service  
 30-30 Thomson Avenue, 2nd Floor  
 Long Island City, NY 11101

Inite PPPD a pral egzaminen aplikasyon w lan pou wè si li konplè epi l ap voye li bay Inite Sètifikasyon Medikal nan Depatman Sante ak Sante Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH). DOHMH pral egzaminen aplikasyon w lan ak dokiman medikal pou sipò yo. Si DOHMH apwouve aplikasyon w lan, Inite PPPD a ap ba ou yon pèmi. Si yo refize li, Inite PPPD a ap voye yon lèt refi ba ou epi eksplike kijan ou ka konteste. Tout pwosesis aplikasyon an ka pran jiska 90 jou.

### Ak kisa pèmi an sanble?

Pèmi Pakin pou Andikap Vil New York la se yon plaka ak yon fòm rektang.



### Ki kote mwen sipoze mete pèmi a?

Afiche pèmi ou a pou yo ka wè li byen nan tablobdò kote chofè a.

### Ki kote mwen ka pake avèk pèmi a?

- Ou ka pake gratis nan nenpòt espas pakin ki gen kontè (Pasaje oswa Komèsyal).
- Ou ka pake nan nenpòt espas ki di "No Parking" (Pa Pake Machin la), kèlkeswa lè a, menm lè gen règ netwayaj lari.
- Ou ka pake nan nenpòt espas ki sèlman pou Machin Otorize itilize, ki gen ladan Diplomat (DPL) Laprès New York (NYP) oswa nenpòt ajans gouvènmantral.
- Ou ka pake nenpòt kote ki di "No Standing Except Trucks Loading/Unloading" (Se Sèlman Kamyon k ap Dechaje ki ka Pake la) oswa Truck Loading Only (Sèlman Kamyon k ap Chaje). Tanpri li siy sa yo ak anpil atansyon, paske li posib pou se sèlman pandan jou ak lè kamyon yo ka pake moun ki gen pèmi yo ap ka pake la. N ap fè konnen tou moun ki gen pèmi yo p ap ka pake nan zòn pakin Garment District nan ri transvèsal W. 35th Street- W. 41st Street, ak 6th Avenue ak 8th Avenue.

Ou fèt pou w afiche pèmi sa a yon fason moun ka wè li atravè vit devan machin nan.

### Ki lòt kote li valab?

Kontrèman ak pèmi eta a ki dekri nan bwochi sa a, pèmi vil ou ba ba ou dwa pou pake sèlman nan lari vil senk (5) minisipalite New York City yo.

### Ki kote mwen pa ka pake avèk pèmi a?

- Espas ki sèlman pou anbilans ak ti anbilans yo.
- No Stopping Zone (Zòn pou Pa Kanpe), No Standing Anytime (Zòn pou Pa Kanpe Okenn Lè), No Standing School Days Zone (Zòn pou Pa Kanpe lè gen Lekòl), No Standing Zones (Zòn pou Pa Kanpe) ak lè ki gen restriksyon oswa Hotel Loading Zone (Zòn Pou Chaje nan Otèl).
- Arè otobis, estasyon taksi, zòn pou dife, ale pou machin antre ak soti, wout pou travèse oswa twotwa.
- Nan yon distans 15 pye oswa mwens ka yon bouch ensandi.
- Pou itilize pou pake doub.
- Espas nan teren pakin minisipal NYC DOT yo se pou moun ki gen pèmi pakin peye chak trimès yo.
- Nan espas kote NYPD ak/oswa Biwo Fim, Teyat, ak Difizyon gen espas pakin ki rezève pou yon fim oswa tounaj TV.
- Nan ri NYPD te fèmen pou parad ak lòt aktivite kiltirèl konsa.

### Kijan pou mwen renouvle pèmi mwen an?

Apreprè de (2) mwa anvan dat ekspirasyon ki pwograme a, ou pral resevwa yon avi pou renouvèlman. Y ap mande pou w soumèt kopi lisans chofè ou, ID ki pa chofè, oswa kat New York City Municipal ID (IDNYC) ou ak kopi anrejistreman machin ou vle nan pèmi ou a. W ap sèlman bezwen soumèt dokiman medikal si gen yon fòm re-konfimasyon nan dosye renouvèlman ou a, ki vle di DOHMH bezwen fè yon re-evalyasyon pou ou. Aplikan ki bezwen re-evalyasyon yo ka kalifye pou resevwa yon pèmi tanporè pou yon sèl machin pandan pwosesis evalyasyon an.

### Sa k ap pase si mwen bezwen chanje machin ki mansyone sou pèmi an oswa itilize yon machin pou yon ti tan (tankou yon machin lokasyon) ak pèmi mwen an?

Si ou bezwen itilize yon lòt machin pou yon ti tan ki pa sou pèmi ou an, epi ou gen twa (3) oswa mwens machin sou li, ou ka ale nan [nyc.gov/pppdinfo](http://nyc.gov/pppdinfo) epi ranpli yon fòm Chanjman Machin Tanporè (Temporary Vehicle Change, TVC) pou fè sa. Epi tou pou mande yon TVC rele sant sèvis kliyan nou an nan 718.433.3100 ant 8:30 AM ak 5:00 PM. Yon TVC valab pou jiska 14 jou. Si ou bezwen chanje yon machin yon fason pèmanan sou pèmi ou an, rele sant sèvis kliyan an epi mande yon fòm Chanjman Machin Pèmanan (Permanent Vehicle Change, PVC)

## Pèmi NY State

New York State te chwazi Inite PPPD kòm ajan ki bay pèmi andikap eta a pou moun k ap viv nan senk (5) minisipalite New York City yo.

### Ki moun ki kalifye?

Ou kalifye pou jwenn yon pèmi New York State nan men Inite PPPD a sèlman si doktè ou sètifye ou gen yon andikap tanporè oswa pèmanan ki afekte kapasite w pou mache lwen.

Selon Lwa Machin ak Sikilasyon New York, Seksyon 404-a a, ou dwe:

- gen limit pou itilize oswa pa ka itilize youn oswa toude janm ou yo menm;
- gen yon pwoblèm newomiskilè ki limite kapasite w pou deplase anpil;
- gen yon lòt andikap fizik oswa mantal ki anpeche w deplase epi sa fè li difisil pou itilize transpò piblik; oswa
- avèg legalman.

Yon doktè ki gen lisans NY State dwe dyagnostike ak dekri andikap ou a (Doktè Medikal oswa Doktè Osteyopati), oswa yon podològ (ki kapab sètifye sèlman yon pwoblèm anba je pye ou yo). Doktè ou dwe endike si pwoblèm sante ou an pèmanan oswa tanporè epi dekri kijan pwoblèm sa a afekte kapasite w pou mache.

### Kijan pou mwen aplike?

Tanpri, gade dèyè bwochi sa a pou w ka aprann sou diferan fason pou jwenn yon aplikasyon. Li epi swiv enstriksyon yo ak anpil atansyon epi ranpli aplikasyon an konplètman.

### Ak kisa pèmi an sanble?

Pèmi Pakin pou Andikap NY State pèmanan an se yon etikèt pou pandye plastik ble epi pèmi tanporè a se yon etikèt pou pandye plastik wouj. Toude afiche Senbòl Entènasyonal Aksè Inivèsèl pou moun ki gen andikap yo.

